



BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu hasil panalungtikan téh mangrupa gambaran ngeunaan kalimah tanpagawéan anu aya dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturrohman. Hasil panalungtikan kalimah tanpagawéan bisa dicindekkeun kieu.

- a. Data kalimah tanpagawéan anu aya dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturrohman kapanggih aya 153 kalimah, anu dianalisis tina wanda, struktur, tatali harti, jeung bahan pangajaran.
- b. Ditilik tina wanda, kalimah tanpagawéan tina novél *Patepung di Bandung* mibanda 4 wanda, nya éta:
 - (1) Kalimah Barang aya 20 (13,07%) kalimah;
 - (2) Kalimah Sipat aya 109 (71,24%) kalimah;
 - (3) Kalimah Bilangan aya 14 (9,15%) kalimah;
 - (4) Kalimah Pangantét aya 10 (6,53%) kalimah.
- c. Ditilik tina struktur, kalimah tanpagawéan tina novél *Patepung di Bandung* mibanda 4 pola. nyaéta:
 - (1) Struktur Kalimah Barang → J: K/FB + C: K/FB
 - (2) Struktur Kalimah Sipat → J: K/FB + C: K/FS
 - (3) Struktur Kalimah Bilangan → J: K/FB + C: K/Fbil
 - (4) Struktur Kalimah Pangantét → J: K/FB + C: FPt

- d. Ditilik tina tatali harti caritaan kapanggih aya 4 harti kalimah tanpagawéan, nyaéta nuduhkeun harti: Digolongkeun-panggolong, Pangrandap-kaayaan, Dijumlahkeun-jumlah, Diperenahkeun-pernahna.
- e. Bahan pangajaran kalimah tanpagawéan bisa diajarkeun di kelas XI semester hiji, ku sabab bahan ajar kalimah tanpagawéan mah henteu langsung minangka kompetensi dasar, nya bahan ajar kalimah tanpagawéan téh diselapkeun dina pangajaran maca, dina lebah pangajaran maca novél. Pikeun ngungkulanana, indikator kalimah tanpagawéan diselapkeun kana indikator pangajaran maca.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan kalimah tanpagawéan dina novél *Patepung di Bandung*, tétéla yén pangajaran kalimah tanpagawéan téh bisa diajarkeun di sakola hususna SMA, sabab bisa méré pangaweruh ngeunaan kalimah tanpagawéan keur siswa. Salian ti bisa dimangpaatkeun pikeun ngeuyeuban hasanah Basa Sunda, ieu panalungtikan ogé bisa dimangpaatkeun pikeun dijadikeun buku anu medar husus ngeunaan kalimah tanpagawéan.

